ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№39 (23.853) ● 2019 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 6, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хэтым и lуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и lуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям и 10-нэ Iыхьэм ипкъ иткlэ **унафэ сощI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм унафэ къыщищтэкlэ lэ иlэтыну хуиту хэгъэхьэн Бещтокъуэ Мурат Хьэмидбий и къуэр.

2. Мы Указым къару егъуэт абы lэ щыщlэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м
№26-УГ

● КъБР-м и Правительствэм

IуэхугъуэщIэхэм хоплъэ

КъБР-м и Правительствэм хэтхэм я зи чэзу зэIущIэ мэрем кIуам екIуэкIащ. Абы щыхэплъащ Iуэхугъуэ 20-м нэблагъэм.

«2019 ГЪЭМ, 2020 - 2021 пIалъэм тещIыхьауэ КъБР-м и республикэ бюджетым теухуауэ» КъБР-м и хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьэмрэ «КъБР-м и республикэ бюджетыр 2018 гъэм зэрагъэзэщIам теухуауэ» хабзэм и проектымрэ тепсэлъыхьащ КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Лисун Еленэ**. Абы зэрыжиIамкIэ, законым зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэн хуей хъуащ республикэ бюджетым и хэхъуэр къапщытэжа нэужь.

«Налогымрэ налогым щымыщ хэхъуэмрэ сом мелуан 249,6-рэ лейуэ къызэратам, апхуэдэуи федеральнэ субсидиехэмрэ субвенцэхэмрэ япкъ иткIэ, федеральнэ бюджетым трансфертхэр (сом мелуан 238,1-рэ) къызэрыхэкIам зэхъуэкIыныгъэхэр къихьащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, республикэ бюджетым сом мелуан 487,6-рэ къыхэхъуащ, сом мелуан 238,1-рэ хэщIыныгъэу игъуэтащ», - жиIащ къэпсалъэм.

КъБР-м и республикэ бюджетыр 2018 гъэм зэрагъэзэщIам теухуауэ къыщыпсалъэм, Лисун Еленэ къыхигъэщащ 2018 гъэм и бюджетыр сом мелард 31,4-кIэ зэрагъэзэщIар, абы хохьэ зымыгъэзэж мылъкуу къыхэхъуа сом мелард 19,5-ри. А пIалъэм къриубыдэу республикэ бюджетым къигъэсэбэпащ сом мелард 29,7-рэ, бюджетым и профицитыр сом мелард 1,7-рэ хъуащ.

КъБР-м и Правительствэм, «ETANA» компанием, китай компаниеу тIум зэращIылIа зэгурыIуэныгъэр адэкIэ гъэзэщIа хъун папщIэ гуп къызэгъэпэщын зэрыхуейм теухуа хабзэр зэхэлъхьэным теухуа проектыр утыку кърихьащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис**. Абы жиIащ Iуэхум иужь ихьэн папщIэ, лэжьыгъэр зи пщэ дэлъыну гупыр зэхашэну игъуэ зэрыхъуар.

КъБР-м щIы Iуэхухэмрэ мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министр **Уэщхъун Тимур** къызэхуэсахэм яхуэзэпкърихащ КъБР-м и республикэ бюджетым къыхэкI субсидиехэр муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я бюджетхэм егъэхьыным пыщIа жыпхъэхэм теухуа унафэм и проектыр. Ар зэгурыIуэныгъэ убзыхуам тету зэIэпахын зэрыхуейр къыхигъэщащ абы. ЕтIуанэ Iуэхугъуэу министрыр къытеувыIащ КъБР-м и къэрал мылъкур Налшык къалэ округым пщIэншэу зэрыритым теухуа унафэм и проектым. Абы ипкъ иткIэ, тIысыпIи 140-рэ зиIэ, сом мелуани 111,9-рэ зи уасэ Iэмэпсымэ зыщIэт, зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэр щагъасэ Iуэхущ IапIэр Налшык мылъкум хагъэхьэ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Болэтокъуэ Владимир** тепсэлъыхьащ 2018 - 2022 гъэхэм къалэхэр зэIузэпэщ зэращIым теухуа къэрал программэр убзыхуным теухуауэ щыIэ правительствэ унафэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм. Мыбы къызэщIиубыдэ къалэнхэр илъэси 6-м трагуэшащ. А пIалъэм къриубыдэу жылагъуэ щIыпIэу 136-рэ, пщIантIэу 548-рэ зэIузэпэщ ящIынущ, абы текIуэдэнущ федеральнэ мылъкум къыхэкIыу сом мелуан 259-рэ республикэ бюджетым щыщу сом мелуан 261-рэ.

«КъБР-м и IуэхущIапIэхэр 2019 - 2020 гъэхэм я бжыхьэ-щIымахуэ лэжьэгъуэм зэрыхуагъэхьэзырым теухуауэ» унафэм и проектым ехьэлIауэ Болэтокъуэм жиIащ Iуэхугъуэ псори и чэзум зэфагъэкIыу зэрекIуэкIыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Къумыкъу Iэуес** и гугъу ищIащ КъБР-м и ЩIэныгъэлI, IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм и совет къызэгъэпэщыным теухуа унафэм и проектым. Абы халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр къызыхэкIыр IэщIагъэлI щIалэхэр къызэрыунэхуар, советым хэтхэм я ныбжь зэрынэсар арaщ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● ПщIэ

Темыркъаным Нобель Людвиг и саугъэтыр ират

Санкт-Петербург дэт Урысей филармонием и сайтым хъыбар къызэрыдигъащIэмкIэ, Темыркъан Юрий Урысейм щат Нобель Людвиг и саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

ДУНЕЙ псом щыхэIущIыIу премиер къызэзыгъэпэща Нобель Альфред и къуэш нэхъыжь Людвиг лъэпкъкIэ шведми, илъэс 11-м щегъэжьауэ Урысейм щыпсэуащ, Бытырбыху машинэхэр щаухуэ завод къыщызэригъэпэщауэ щытащ, и гуащIэшхуэ къэралым и экономикэм хилъхьащ. Людвиг и цIэр зэрехьэ илъэси 130-рэ хъуауэ УФ-м щат саугъэт лъапIэм. Иджыблагъэ ар 14-нэрэ Темыркъан Юрий къратащ.

ХъыбарегъащIэм зэрыжиIэмкIэ, 1888 гъэ лъандэрэ Урысейм щызекIуэ, 2006 гъэм Нобель Людвиг и Фондым щIэрыщIэу къызэригъэпэщыжа а саугъэт лъапIэр «лъэхъэнэм фэ къытезыгъауэ, дунейпсо цIыхубэм я гъащIэм лъэужьышхуэ къытезына цIыху къызэрымыкIуэхэм хуагъэфащэ».

«Урысей Нобелым» и саугъэтым теухуа зэхыхьэр гъэ къэси хуэдэу Бытырбыху щекIуэкIащ. Темыркъан Юрий и гъусэу мы илъэсым тыгъэ лъапIэр хуагъэфэщащ артист Лановой Василий, пианист Мацуев Денис, франджы космонавт Эньере Клоди, Инджылызым щыщ псапащIэ Махфуз Марей Мубарак бин Махфуз.

ЧЭРИМ Марианнэ.

«Иджырей къалэ кIуэцIым и теплъэ» проект хэхар гъэзэщIэным хыхьэу зыхуей хуагъэзэнущ Налшык къалэм и пщIантIэхэр

Жылагъуэ конкурс комиссэм къищтащ Налшык къалэ округым хыхьэ пщIантIэхэу «Иджырей къалэ кIуэцIым и теплъэ» проект хэхар гъэзэщIэным хыхьэу 2019 гъэм зыхуей хуагъэзэну яубзыхуахэр.

ЗЭФIАГЪЭКIЫНУ лэжьыгъэхэм хохьэ асфальтыр, лъэс зекIуапIэхэр зэгъэпэщыжыныр, гъуэгу Iуфэхэм Iулъ бордюрхэр, бжэIупэхэр къызэрагъэнэху системэхэр зэхъуэкIыныр, пщIантIэхэм щхъуантIагъэхэр щыхэсэныр, зыщагъэпсэху, къабзагъэр къызэгъэпэщыным хуэщIа щIыпIэхэр зыхуей хуэгъэзэныр. Зэрагъэпэщыжынухэм хагъэхьащ пщIантIэ 23-рэ.

ХъыбарегъащIэ агентствэхэм къатахэм япкъ иткIэ.

● Гу зылъытапхъэ

Налшыкдэсхэм «Узыншагъэм ухуэзышэ лъэбакъуэ 10.000» ячынущ

Мэлыжьыхьым и 6-м, Узыншагъэм и дунейпсо махуэм и пэ къихуэу, республикэм щыпсэухэм Iэмал яIэнущ «Лига здоровья нации» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм къыхилъхьа «Узыншагъэм ухуэзышэ лъэбакъуэ 10.000» акцэм хэтыну.

КЪЫЗЭГЪЭПЭЩАКIУЭХЭМ а проектым щхьэкIэ зэхалъхьа, Узыншагъэм и гъуэгуанэ №1 зыфIаща гъуэгуанэм техьэнухэр ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм и ихьэпIэ нэхъыщхьэм деж щежьэнурэ Курзалым нэс дэкIуеинущ икIи къехыжынущ - ар лъэбакъуэ 10.000 мэхъу. А лъэбакъуэ бжыгъэри ауэ сытми къыхахауэ аракъым. Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, махуэм къриубыдэу лъэбакъуэ минитху нэхърэ нэхъ мащIэ фIэкIа зымыч цIыхум и гъащIэр щыс зэпыту ихьу къалъытэ икIи абы игуми, и лъынтхуэхэми, зэрыщыту и Iэпкълъэпкъми апхуэдэ псэукIэр зэран зэрыхуэхъури къыхагъэщ. Лъэбакъуэ 7500 - 9999-рэ зы махуэм зычхэр «ику ит жыджэрагъ зиIэхэр» жыхуаIэм хагъэхьэ. ИкIэм-икIэжым, лъэбакъуэ 10.000 е нэхъыбэ хъу гъуэгуанэ жэщ-махуэм зыкIуэхэр жыджэру гъащIэр езыхьэкI жыхуаIэхэм хабжэ икIи ахэращ узыншагъэр хъумэнымкIэ щыIэ Iэмал нэхъыфIхэр къэзыгъэсэбэпу къалъытэр.

Акцэм хохьэ Диагностикэ центрым медицинэ профилактикэмкIэ и республикэ IуэхущIапIэм иригъэкIуэкIыну къэпщытэныгъэхэри, текIуахэр зэрагъэлъэпIэнури, узыншагъэр хъумэным хуэгъэпсауэ цIыхухэм чэнджэщхэр зэрыратынури, нэгъуэщI куэди.

Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэхэщ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэр, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр, «Лига здоровья нации» Урысейпсо жылагъуэ зэухьэныгъэм и республикэ къудамэр, Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэр, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэр, КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъхэм я IуэхухэмкIэ и министерствэр.

Акцэм хэтыну ирагъэблагъэ апхуэдэ дэрэжэгъуэ зиIэ псори. ЩыщIидзэнур сыхьэт 12-рщ, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэ ихьэпIэм, Лермонтовым и цIэр зезыхьэ уэрамым деж хуэзэм, щежьэнущ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Дзэ къулыкъум зэрыхуэхьэзырыр къапщытэ

Бахъсэн къалэ округым щыщIадзащ зи ныбжь нэса щIалэхэр дзэ къулыкъум гъэкIуэным пыщIа Iуэхухэм. Я узыншагъэкIэ, нэгъуэщI мардэхэмкIэ щIалэхэр дзэ къулыкъум зэрыхуэхьэзырыр къэпщытэн лэжьыгъэр бадзэуэгъуэм и 15 пщIондэ ирагъэкIуэкIынущ.

ДЫГЪУАСЭ зэхэтащ дзэ къулыкъум еджэнымкIэ комиссэм и япэ зэIущIэр. А комиссэм хохьэ Бахъсэн къалэ округым, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм я дзэ комиссариатым и унафэщI Сосналы Мухьэмэд, Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я ветеранхэм я совету Бахъсэн къалэ округым щыIэм и Iэтащхьэ Абазэ Хъусен, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ зэщIэгъэуIуэныгъэ IуэхухэмкIэ управленэм и унафэщI ХъуэкIуэн Заур, дохутырхэр.

Комиссэм хэтхэм щIалэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ хузэпкърахащ дзэм къулыкъу щищIэну ираджэ ныбжьыщIэр сэлэт нэс хъуным зэрыхуэкIуэ щIыкIэр.

Зы махуэм къриубыдэу комиссариатым къекIуэлIащ дзэм ираджэну къызытехуэ цIыху 60 хуэдиз.

БАЛЪКЪЫЗ Iэминэ.

● Щэбэт щIыхьэху

ФIыщIэ зэрыхуащIыр къагъэлъагъуэ

Тырныауз къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Iуэху щхьэпэ - Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъымрэ МафIэ мыужьыхымрэ я Iэгъуэблагъэр зэщIэкъуэным теухуа щэбэт щIыхьэху къызэрагъэпэщащ.

АР КЪЫХЭЗЫЛЪХЬАХЭМ я мурад нэхъыщхьэр Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъхэр зыхуей хуэгъэзэным, абыхэм я хъуреягъыр къабзэу зехьэн зэрыхуеймкIэ цIыхухэм гу лъегъэтэныр щ, апхуэдэ Iуэхуфlхэм къыхуеджэнырщ.

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм я жэрдэмкIэ Тырныауз къалэм и Фэеплъ утыкур зэщIагъэкъэбзащ. Етхуанэ гимназием щеджэ волонтёр 20-м щIигъу хэтащ а лэжьыгъэм. Тырныауз къалэм и щIалэгъуалэм апхуэдэ щIыкIэкIэ къагъэлъагъуэ ди нобэрей мамыр гъащIэм папщIэ зи псэ емыблэжахэр зэрамыщыгъупщар, абыхэм фIыщIэ зэрыхуащIыр. Апхуэдэ Iуэхухэр щIыналъэм и адрей жылэхэми щIэх-щIэхыурэ щокIуэкI.

ТАРИМ Алисэ.

Зэдэлэжьэныр я мурад нэхъыщхьэу

Дыгъуасэ Ставрополь къалэм щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэм и Парламент зэгухьэныгъэм (СКПА) и X конференцыр.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и лIыкIуэу абы щыIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, КъБР-м и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэныгъэмрэ щIыпIэ унафэхэр зехьэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис**, Спортымрэ туризмэмкIэ комитетым и унафэщI **Бэрэгъун Арсен**, ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур**, Мэкъумэш политикэмкIэ, щIыуэпсыр хъумэнымрэ ар къэгъэсэбэпынымкIэ, щIы IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщI **Мокаев Кемал**, ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ комитетым хэт **Карныш Сергей**.

Депутатхэм зэIущIэ купщIафIэ ирагъэкIуэкIащ, къаIэта Iуэхухэм ятеухуа жэрдэмхэр УФ-м и Къэрал Думэм зэрагъэхьынумкIэ зэгурыIуащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, СКПА-м къызэщIеубыдэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэ псори. Абы и къалэн нэхъыщхьэр хабзэубзыху органхэм я лэжьыгъэр унэтIыныр щ, демократие хабзэхэм зрагъэгъэужьыныр щ.

Апхуэдэуи депутатхэр хэтащ Ставрополь крайм и Думэр илъэс 25-рэ зэрырикъуам теухуа зэхыхьэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэз хозяйствэм зегъэужьыныр» «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм гъатхэпэм и 25-м *Налшык къалэ*
№43-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэз хозяйствэм зегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал програмэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м къыдигъэкIа унафэ №207 ПП-мкIэ къищтам, мы унафэм и гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм гъатхэпэм и 25-м *Налшык къалэ*
№44-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м къыдигъэкIа унафэ №182-ПП-мкIэ къищтам, мы унафэм и гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я санитар щытыкIэр зэпкърыхынымкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм гъатхэпэм и 25-м *Налшык къалэ*
№47-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я санитар щытыкIэр зэпкърыхынымкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м къыдигъэкIа унафэ №72-ПП-мкIэ къищтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) ведомствэхэм зэдай комиссэм хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Галустян В. О. - «Экологистикэ» ООО-м и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Гъасашэ Ж. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и департаментым и унафэщIыр;

б) ведомствэхэм зэдай комиссэм къыхэгъэкIыжын Къуныжь В.Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий

«Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм я Iэ тедзэгъуэр иухащ, ауэ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу абы фыкъыкIэрыхуамэ, ар вгъэзэкIуэжыфынущ. Апхуэдэу, «Адыгэ псалъэ» газетыр дызыхуэкIуэ накъыгъэм къыщыщIэдзауэ ныфхуахьынущ, мы мазэм и 28 пщIондэ абы поштхэм Iэ щыщIэвдзмэ.

МазитIым ди газетым и уасэр сом 204-рэ кIэпIейкIэ 26-рэщ.

Ди индексыр 51531

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп

ТIощIрэ езанэ джэгугъуэ
«Спартак-Налшык» - «Волгарь» (Астрахань)
Налшык. «Спартак» стадион.
Мэлыжьыхьым и 6. Сыхьэт 16-м.

● ТхылъыщIэхэр

ЛIыгъэ щIапIэм итахэр

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэм и махуэр зэрагъэлъэпIэнум щыщу гъатхэпэ мазэм дунейм къытехьащ КъБР-м щыIэ МВД-м и ветеранхэу, мы зэманым мылэжьэжхэу милицэм и полковникхэу Шипилов Валерийрэ Щоджэм Залымджэрийрэ ягъэхьэзыру къыдагъэкIа «Штрафники» тхылъыр.

АР ЯТЕУХУАЩ Армэ Плъыжьым и штрафной батальоным, ротэхэм, штурм батальонхэм хэтахэм. А дзэ частхэр ерыщу пэщIэтащ нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм, пIалъэ хэхакIэ абыхэм яхэту зэуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэри. Къагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ куэдым къыхуагъэфэщащ правительствэ дамыгъэ лъапIэхэр.

Тхылъым, архив дэфтэрхэр я лъабжьэу, наIуэ ещI Хэку зауэшхуэм и зэманым и къэхъукъащIэхэм ящыщу цIыху мащIэ фIэкIа зыщымыгъуазэхэр. Ди гугъэщ ар гъэщIэгъуэн ящыхъуну республикэм щыпсэухэм.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэ.

● Ди нэхъыжьыфIхэр

ГъащIэ купщIафIэ

80

Къущхьэтlу Хьэутий и унагъуэр.

Къытщlэхъуэ щlэблэр хэкупсэу гъэсэным, абы хуэгъэпса Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр егъэкIуэкIыным теухуа лэжьыгъэ щхьэпэ куэд щызэфIах ди республикэм. А Iуэхухэм дапщэщи хэтщ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм Аруан щIыналъэм щиIэ къудамэм и лэжьакIуэхэри. ЩIыпIэ хасэм и тхьэмадэщ нэхъыжьыфI, цIыху гумызагъэ икIи жэуаплыныгъэ зыхэлъ Къущхьэтlу Хьэутий ПIытIутIэ и къуэр.

ХЬЭУТИЙ 1939 гъэм и мэлыжьыхь мазэм Старэ Шэрэдж къуажэм къыщалъхуащ. Абы и ныбжьыр илъэситIым щIигъуа къудейт, и къуэш нэхъыщIэ цIыкIур иджыри ныбэм илът, Хэку зауэшхуэр къэхъейуэ и адэр дзэм щраджам щыгъуэ.

- Дэ тхуэдэхэр щэрэ минрэт а зэман хьэлъэм, ауэ, итIани, дэтхэнэми гурэ псэкIэ зыхэтщIащ, дгъэващ а зауаем къытхуихьа насыпыншагъэхэр, дызыхидза бэлыхьхэр, - и сабиигъуэм топсэлъыхьыж Къущхьэтlур. - Си къуэш нэхъыщIэ цIыкIумрэ сэрэ ди адэм и хъыбархэм дыщIигъэдэIурт ди анэм. Ар ДыщэкIхэ япхъут, и цIэр Мэржант. Абы ди гур фIы тхуищIырт, ди адэр къэкIуэжрэ унагъуэр дрикъужмэ, псоми тIуэтэжыну, дытыншыжыну къыджиIэурэ.

ГъащIэм щаIэфыну фIы псори щIалэ цIыкIуитIым зрапхыу псэуа я адэр щIэх ялъагъуну Тхьэм иухатэкъым - ТекIуэныгъэр къыщахьа 1945 гъэм къахуэкIуэжакъым сабийхэр апхуэдизу зэжьа я адэр. Хьэутий зэрыжиIэжымкIэ, ар уIэгъэ хъури гъэру яубыдахэм яхэхуати, зауэ нэужьым Таджикистаным ягъакIуэри, абы и шахтэхэм щылэжьащ 1957 гъэ пщIондэ.

Апхуэдэу гугъу ехьу, я адэри ящхьэщымыту къэтэджа быныр къэхъуащ я гур къабзэу, цIыхур, гъащIэр фIыуэ ялъагъуу. АбыкIэ фIыщIэ ин бгъэдэлъащ щIалэ цIыкIухэм я анэ Мэржан. Хьэутий ноби игу илъщ анэм къажриIэу щыта псалъэхэр: «ЦIыху хуэдэ цIыхуу дунейм фытет. Фэ фыцIыхухъу цIыкIущ, фи напэ, нэмыс фхъумэу, фи псалъэ фытрагъуэтэжу фыпсэу». А псалъэхэр и гъуэгугъэлъагъуэу гъащIэр ирехьэкI Хьэутий. Къуажэ курыт школыр къиуха нэужь, ар хуеджащ шофёр IэщIагъэм. ИужькIэ щIыхь пылъу дзэм къулыкъу щищIащ.

Дзэ къулыкъум илъэсищкIэ щыIауэ, Къущхьэтlум къигъэзэжащ щалъхуа щIыналъэм. Ар щылэжьащ транспортым епха IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм, зэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэм, хьэрычэтыщIэ Iуэхухэм хыхьэри, и мурадхэр зригъэхъулIэфу хьэлэлу ирихьэкIащ.

Хьэутий дапщэщи щытащ къызыхэкIа лъэпкъым зи гур хуэкъабзэ хэкупсэу. Лъэпкъ хасэхэр ди щIыналъэм къыщыщызэрагъэпэщу щыхуежьам, а жылагъуэ зэгухьэныгъэм япэу хыхьахэм ящыщщ ар.

- Нало Заур зи пашэу япэу къызэрагъэпэща лъэпкъ Хасэм сфIэфIу сыхыхьауэ щытащ. А лъэхъэнэм абы къиIэтауэ щыта Iуэхугъуэхэм я нэхъыбэри сфIэигъуэт, жыджэруи дэсIыгъащ, - зэфIих жылагъуэ лэжьыгъэм топсэлъыхь Хьэутий. - Аруан щIыналъэм щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу сыщыту, ноби слъэкI къэзгъанэркъым къытщIэхъуэ щIэблэр къызыхэкIа лъэпкъым пщIэ хуащIу, щалъхуа щIыналъэр ялъытэу, псом я щхьэращи, я анэдэлъхубзэр фIыуэ ялъагъурэ ар псэр зыгъэхуабэ IэфIыгъэу, нэхугъэу къалъытэу гъэсэнымкIэ.

Лъэпкъ Iуэхум, щIэблэ гъэсэныгъэм хуэнабдзэгубдзаплъэ нэхъыжьыфIыр япыщIащ щIыпIэм щыIэ курыт школхэми сабий садхэми. Абы жыджэру деIыгъ егъэджэныгъэ IэнатIэм гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ къыщыхалъхьэ жэрдэмхэр, езыри дапщэщи хэтщ а Iуэхугъуэхэм. Хьэутий зэрыжиIэмкIэ, зи пашэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм къыхилъхьэ жэрдэмыщIэхэр къыдиIыгъщ икIи ахэр къызэгъэпэщынымрэ къызыхуэтыншэу егъэкIуэкIынымрэ сыт щыгъуи и нэIэ тригъэтщ район администрацэм и Iэтащхьэ Куэшей Азэмэт.

- ЩIэныгъэ куурэ лъэпкъ гъэсэныгъэ екIурэ зыбгъэдэлъ адыгэлIыр езыр хэкупсэ нэсщ. И ныбжькIэ щIалэми, гъащIэм и зэхэлъыкIэм и лъэныкъуэ куэдым фIыуэ щыгъуазэщ Азэмэт. Ар ди щIыпIэм и пашэ зэрыхъурэ блэкIа илъэсхэм щIыналъэм хэпщIыкIыу зиужьащ унэтIыныгъэ куэдкIэ, - жеIэ Къущхьэтlум. - Сэ си лэжьыгъэкIэ куэдрэ сыIущIащ Куэшейм икIи зэи сыкъигъэщIэхъуакъым, сыт хуэдэ жылагъуэ IуэхукIэ сыбгъэдыхьами. Куэшейм къыхилъхьа жэрдэмыфIхэм ящыщщ адыгэ хабзэмкIэ дерсхэр ди районым и курыт еджапIэхэм зэрыщекIуэкIыр.

Лъэпкъым хуэфащэ щIэблэ гъэсэныр къэралым къыпэщылъ къалэн нэхъ ин дыдэхэм ящыщу къелъытэ Къущхьэтlум. НэхъыжьыфIым фIыуэ къыгуроIуэ нобэ къытщIэтаджэ ныбжьыщIэхэм гупсысэкIэу, дуней еплъыкIэрэ Iуэху зехьэкIэу ябгъэдэтлъхьэ мардэхэм ди пщэдейр зэрыхъунур зэрелъытар. Хьэутий зэфIигъэкI жылагъуэ Iуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр нэрылъагъущ. Ар къалъытэу, абы мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъри дыщэ медалри 2009 гъэм къратащ нэхъыжьыфIым.

Апхуэдэ хэкупсэ гупсысэхэр зыгъэнэхъапэу зи гъащIэр езыхьэкI Хьэутий унагъуэ дахэкIи Тхьэр къыхуэупсащ. Абырэ и щхьэгъусэ Люсэрэ (и ахърэтыр нэху ухъу) бынищ зэдагъуэтащ, зэдапIащ, гъащIэм гъуэгу пэж щытрагъэуващ. Адэшхуэр нобэ ягъэгуфIэ, и лъэр жан ящI и къуэрылъху-пхъурылъхухэм я ехъулIэныгъэхэм, текIуэныгъэхэм.

Хабзэрэ нэмысрэ зыхэлъ щIалэгъуалэр къэралым и дежкIэ къулеигъэшхуэу къэзылъытэ, апхуэдэ хъугъуэфIыгъуэ адыгэм диIэным хуэлажьэ Къущхьэтlу Хьэутий и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 80 ирокъу. НэхъыжьыфIым дохъуэхъу узыншэу, быным, абыхэм я щIэблэм яфI, я гуфIэгъуэ илъагъуу иджыри куэдрэ псэуну.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Пщэдей Геологым и махуэщ

ЩIым и хъугъуэфIыгъуэхэм я лъыхъуакIуэхэр

Дыкъэзыухъуреихь дунейм и хъугъуэфIыгъуэхэр къэбгъэсэбэп зэрыхъунум ЩIы хъурейм ижьижьыжкIэрэ щыпсэуа цIыхухэми гу лъатат.

ГЕОЛОГИЕМ ехьэлIа сатырхэм дыкъыщоджэ алыдж еджагъэшхуэхэу Пифагоррэ Аристотелрэ къызэранэкIа я тхыгъэхэми, щIэныгъэм а и къудамэри зыджа философ, сурэтыщI, тхакIуэ цIэрыIуэ Леонардо да Винчи и лэжьыгъэхэми. АрщхьэкIэ, геологие щIэныгъэм зиужьын щыщIидзар щIым къыщIах хъугъуэфIыгъуэхэм цIыхухэр нэхъ хуэныкъуэ щыхъуа XVIII лIэщIыгъуэращ. Ауэрэ, геологием пыщIа IэщIагъэхэри дунейм къытехьащ.

1966 гъэм КъухьэпIэ Сыбырым къыщагъуэтащ щIыдагъэрэ газрэ куэдыщэу здэщыIэ щIыпIэ. ИкIи, Академик Яншин Александр зи пашэ гупым я жэрдэмкIэ, а илъэс дыдэм мэлыжьыхьым и япэ тхьэмахуэр Геологым и махуэу СССР-м щагъэуващ. Ар ягъэлъапIэ геофизикхэми, геоморфологхэми, шахтэ кIуэцIхэм щылажьэхэми, «маркшейдер» цIэ телъыджэр зыфIащу, бгыхэм щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр къэхутэным зи IэщIагъэр тезыухуа инженерхэми.

Мыри гъэщIэгъуэнщ

Урысейм геолог IэщIагъэ къыщыгъэунэхунымкIи, щIым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр къэхутэнымкIэ къэрал IуэхущIапIэ къыщызэгъэпэщынымкIи япэ дыдэу унафэ зыщIауэ щытар Пётр Езанэрщ. Ар къыщыхъуар 1700 гъэращ.

Геологым и махуэр щагъэлъапIэ СССР-м хыхьэу щыта языныкъуэ адрей къэралхэми: Украинэм, Беларуссым, Къыргъызым.

ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, ЩIы хъурейм илъэс меларди 4,5-м нэблагъэ и ныбжьщ. Кольскэ хытIыгуныкъуэм щыпхаугъуэныкIа мащэ нэхъ ин дыдэм километр 12,26-рэ и куугъщ. Абы и лъабжьэм хуабэр градус 220-м щынос.

Антарктидэм щыIэ Эребус мафIэбгыр бахъэ къиихупIэщ. ПсыIагъэм и жахуэхэр щIым къызэрытехьэу мэщт, асыхьэту мыл щохъури, абдеж дыдэм къат-къатурэ щызэтрещIэ.

Тыркумэным и Дарваз кратерым цIыхухэр «жыхьэнмэм и бжэкIи» йоджэ. 1971 гъэм геологхэм абдежым щIыр щыщаугъуэным, зи кур нэщI бгъуэнщIагъ куу дыдэ къыщыщIагъэщащ. Абы кърихуу щIэзыдза гъуэзыр цIыхухэм я узыншагъэм дежкIэ зэрану къалъытэри, щIым къытрамыгъэхьэн щхьэкIэ, мафIэ щIадзащ. Ар иджыри къыздэсым мыункIыфIыжауэ маблэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Футбол

БжыгъэшхуэхэмкIэ ирагъажьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2019 гъэм и гъэмахуэ чемпионатыр щэбэт кIуам зэхаублащ. Ар бжыгъэшхуэ защIэкIэ ирагъэжьащ икIи топджэгум щыдихьэххэр Псыкуэди, Малки, Бахъсэни щызэшакъым.

НЭГЪАБЭРЕЙ зэпеуэм япэ увыпIищыр къыщызыхьу медалхэр зыхуэзыгуэшыжа командэхэм я стадионхэм мыгъэрей зэхьэзэхуэр гъатхэпэм и 30-м щызэхаублащ. Хьэлэмэтращи, абыхэм ящыщу зи мыхьэнэр щIэзыгъэбыдэжыфар чемпионым и закъуэщ.

2018 гъэм и кIэухым дыщэ медалхэр зыIэрызыгъэхьа «Автозапчасть»-м щэбэт кIуам Бахъсэн къыщригъэблэгъат я гъунэгъу Шэджэм къалэм къикIа «Къундетейр». АрщхьэкIэ ар егъэблэгъэкIэ щIагъуэтэкъым - хьэщIэхэм я гъуэм хэгъэрейхэм топи 8 дагъэкIащ икIи я гур ирахауэ ирагъэжьэжащ.

Нэхъ благъэхуэфIу къыщIэкIащ дыжьынымрэ жэзымрэ нэгъабэ зылъысахэр. Апхуэдэу «Налшыкыр» «Керт»-м, «Ислъэмейр» «Энергетик»-м къыпикIуэтащ. Хэгъэрейхэм къыхудагъэкIа топ бжыгъэм хуэдитIкIэ щIигъу хьэщIэхэм къайхъулIащ икIи бжыгъэ зэщхьэкIэ, 4:2-уэ, текIуэныгъэр яхьащ.

Хуэмыхуакъым мы гъэм зэхьэзэхуэм къыхыхьагъащIэхэри. Прохладнэм и «Энергетик»-м Ислъэмей къуажэм щиIа ехъулIэныгъэм куэд-кIэ зыкъыкIэригъэхуакъым «Спар-так-Д»-м. Тэрч къалэм щыIэу ар щIыпIэ командэм зыкIи къыпикIуэтакъым.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и пэщIэдзэ джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Псыкуэд**» (Псыкуэд) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **1**:**4**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Нартан**» (Нартан) - **5**:**0**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Къундетей**» (Шэджэм) - **8**:**1**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Энергетик**» (Прохладнэ) - **2**:**4**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **0**:**0**, «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **1**:**0**, «**Налшык**» (Налшык) - «**Керт**» (Къэхъун) - **2**:**4**.

«Акъбащ» (Акъбащ Ищхъэрэ) - «Нарт» (Нарткъалэ) зэIущIэр нэхъ иужьыIуэкIэ зэхэтынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2019 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Автозапчасть»**	**1**	**1**	**0**	**0**	**8-1**	**3**
2.	**«Малка»**	**1**	**1**	**0**	**0**	**5-0**	**3**
3.	**«ЛогоВАЗ»**	**1**	**1**	**0**	**0**	**4-1**	**3**
4.	«Керт»	1	1	0	0	4-2	3
5.	«Энергетик»	1	1	0	0	4-2	3
6.	«ХьэтIохъущыкъуей»	1	1	0	0	1-0	3
7.	«Спартак-Д»	1	0	1	0	0-0	1
8.	«Тэрч»	1	0	1	0	0-0	1
9.	«Акъбащ»	0	0	0	0	0-0	0
10.	«Нарт»	0	0	0	0	0-0	0
11.	«Родник»	1	0	0	1	0-1	0
12.	«Ислъэмей»	1	0	0	1	2-4	0
13.	«Налшык»	1	0	0	1	2-4	0
14.	**«Псыкуэд»**	**1**	**0**	**0**	**1**	**1-4**	**0**
15.	**«Нартан»**	**1**	**0**	**0**	**1**	**0-5**	**0**
16.	**«Къундетей»**	**1**	**0**	**0**	**1**	**1-8**	**0**

● Хъуэхъу

Налшык къалэм щыпсэу Абазэ Санэ Къамбулэт и пхъум и ныбжьыр илъэс 24-рэ ирокъури, дохъуэхъу



Зи гумащIагъымрэ гуапагъэмрэ гъунэ зимыIэ фIыуэ тлъагъу ди пщащэм уи махуэшхуэмкIэ дынохъуэхъу! Уи узыншагъэр быдэу, узыпэрыт IэнатIэм ехъулIэныгъэ ущиIэу, узыхуэхъуапсэ уи мурадхэр къохъулIэу дуней дахэм гу щыпхуэну ди гуапэщ!

Мэршэнкъулхэ я унагъуэр.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 6, *щэбэт*

♦**Зыужьыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ яхуэлажьэ спортым и дунейпсо махуэщ**. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2013 гъэм шыщхьэуIум и 23-м унафэ къищтащ илъэс къэс а махуэр мэлыжьыхьым и 6-м къэралхэм зэдагъэлъэпIэным теухуауэ.

♦**СтIолыщхьэ теннисым и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м и МВД-м и следственнэ органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**Къыргъызым щагъэлъапIэ физкультурэмрэ спортымрэ я лэжьакIуэхэм я махуэр**

♦**248 гъэм** римдэсхэм Iэтауэ ягъэлъэпIауэ щытащ я къалэр илъэс мин зэрырикъур. Тхыдэджхэм къагурыIуэркъым а махуэм икIи а илъэсым ар щIагъэлъэпIар, сыту жыпIэмэ, Урымым и тхыдэм и пэжыпIэр нэсу зыщIэу къалъытэ Варрон Марк зэрыжиIамкIэ, Рим къалэм и лъабжьэр Ромул щигъэтIылъар 753 гъэм и мэлыжьыхьым и 21-рщ.

♦**1814 гъэм** Наполеон Франджым и пащтыхь къулыкъум текIыну къытрагъэхьэри, апхуэдэ лъэбакъуэ япэу ирагъэчауэ щытащ франджыдзэм и маршалхэу Мортьерэ де Мармонрэ.

♦**1896 гъэм** Афинхэм (Алыдж) къыщызэIуахауэ щытащ япэ гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Зэпеуэхэр щекIуэкIащ «Панатинаикос» алыдж стадионым. Япэ джэгухэм хэта къэрал 14-м щыщ спортсмен 241-рэ, лIэужьыгъуибгъукIэ зэпеуащ. ЦIыхубзхэр зэхьэзэхуэхэм хагъэхьатэкъым. Япэ Олимп чемпион хъуауэ щытар США-м щыщ, атлетикэ псынщIэм щиIа зэфIэкIхэмкIэ цIэрыIуэ Коннолли Джеймс Бренданщ.

♦**1899 гъэм** Москва и уэрамхэм къыдыхьащ электрокъарукIэ лажьэ япэ трамвайр.

♦**1930 гъэм** СССР-м и ЦИК-м и унафэкIэ къащтащ Ленин, Вагъуэ Плъыжь орденхэр. Хэку зауэшхуэм и зэманым цIыху нэхъыбэ дыдэм хуагъэфэща къэрал дамыгъэхэм ящыщщ Вагъуэ Плъыжь орденыр.

♦**1941 гъэм** нэмыцэ кхъухьлъатэхэм Югославием и щыхьэр Белград бомбэхэр дадзэн, къалэр зэхэкъутэн щIадзащ.

♦Урысей жылагъуэ лэжьакIуэ, тхакIуэ-публицист **Герцен Александр** къызэралъхурэ илъэс 207-рэ ирокъу.

♦Урыс дохутыр цIэрыIуэ, хирург Iэзэ дыдэу къалъытэу щыта, профессор **Склифосовский Николай** къызэралъхурэ илъэси 183-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Акмеологие щIэныгъэхэм я академиеу Санкт-Петербург щыIэм и действительнэ член **Бэчыжь Мухътар** и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу.

♦Совет актёр, кинорежиссёр, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Любшин Станислав** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Дирижёр, композитор, УФ-ми Къалмыкъ Республикэми я цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Темыркъан Борис** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦БзэщIэныгъэлI, филологие щIэныгъэхэм я доктор, Адыгей къэрал университетым и профессор **Бырсыр Батырбий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ **АбытIэ Хъызыр** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Психологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Къэбардэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Хъуэкlуэн Мурат** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Адыгей тхакIуэ **Джэш Рахьмэт** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 7, *тхьэмахуэ*

♦**Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ**. Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэр къыщызэрагъэпэща махуэм (1948 гъэм) хуэзэу ягъэлъапIэ.

♦**Рунетыр - урысыбзэкIэ лажьэ интернетыр (ru дамыгъэр зиIэр) - къыщызэрагъэпэща махуэщ**. 1994 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м лэжьэн щIидзащ абы икIи дунейпсо «хъым» хэтыну хуитыныгъэ зиIэхэм хагъэхьащ.

♦**Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ Геологым и махуэр**

♦**Анагъэм, лъагъуныгъэмрэ дахагъэмрэ я махуэр щагъэлъапIэ Арменией**

♦**Руандэм щыщ тутси лъэпкъым кIэлъызэрахьа геноцидым хэкIуэдахэр ягу къыщагъэкIыж дунейпсо махуэщ.** ЛъэпкъгъэкIуэд политикэм и бийуэ ООН-м 2003 гъэм къищта унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ ар. КъуэкIыпIэ Африкэм щыIэ а къэралым и унафэщIхэр 1994 гъэм дзэм тридзри, пIалъэкIэ лэжьэну правительствэ къызэрагъэпэщауэ щытащ. Ямылэжьа щIэпхъаджагъэхэмкIэ ягъэкъуаншэурэ, цIыху мин щитхум къыщыщIэдзауэ зы мелуаным нэс ягъэкIуэдауэ къалъытэ абы щыгъуэ.

♦**1795 гъэм** Франджым къыщащтащ Пщалъэхэм я мардэм теухуа хабзэр.

♦**1827 гъэм** инджылыз фармацевт Уокер Джон ищIащ япэ мафIэдз икIи ар и ныбжьэгъу уэчыл Никсон ирищауэ щытащ.

♦**1934 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщащ бдзэжьейхэр хъумэным зи лэжьыгъэр хуэгъэпса IуэхущIапIэхэр.

♦США-м щыщ къэрал къулыкъущIэ, ЦРУ-м и япэ унафэщIу щыта **Даллес Аллен** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, журналист, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, АР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я журналист **Мэзыхьэ Борис** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Урысей продюсер, кинокритик, «Кинотавр» фестивалым и къызэгъэпэщакIуэ **Рудинштейн Марк** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущIэ, политик, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и УнафэщI, «Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и нагъыщэ псори зрата **Матвиенкэ Валентинэ** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, Къандурым и цIэр зезыхьэ саугъэтыр зыхуагъэфэща **Бемырзэ Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къуэжьокъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 8, *блыщхьэ*

♦**Цыджанхэм я дунейпсо махуэщ**. Цыджанхэм я дунейпсо конгрессу 1971 гъэм Лондон щызэхэтам къыщащтащ абы теухуа унафэмрэ а лъэпкъым и гимнымрэ и ныпымрэ.

♦**УФ-мрэ Белоруссиемрэ я Дзэ комиссариатхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1766 гъэм** мафIэсыр щагъэункIыфIкIэ къагъэсэбэп пкIэлъей зэрыгъэжыр къызэрагупсысам и патент дунейм щыяпэу США-м щатащ.

♦**1918 гъэм** плъыфищу зэгуэлъ Урысей бэракъыр зэрахъуэкIащ щэкI плъыжь зэфIэзэщым къыхэщIыкIа, зи къуапэм, гъубжэ, уадэ, вагъуэ хэщIыхьа ныпкIэ.

♦**1918 гъэм** Сихъу Сэфарбий и усэхэр зэрыт тхылъ къыдэкIащ.

♦**1966 гъэм** КПСС-м и ЦК-м и Секретарь Нэхъыщхьэу Брежнев Леонид хахащ.

♦Азие Курытым щыщ къэрал унафэщI , дзэзешэ, Кавказым и тхыдэми лъэужьышхуэ къыхэзына **Тамерлан** къызэралъхурэ илъэс 683-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм щыщ парт, совет лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Чэмокъуэ Аслъэнджэрий** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тыкъуэ Къаплъэн** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Дипломат, Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа **Аннан Кофи** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Адыгеймрэ УФ-мрэ я цIыхубэ сурэтыщI, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къат Теувэж** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Футболист цIэрыIуэ, тренер Iэзэ, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, къэралым и чемпион, Совет Союзым и мызакъуэу, дунейм и щIыпIэ куэдми зи цIэр щыIуа **Чивадзе Александр** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм зегъэужьынымрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комитетым и унафэщI **Пащты Борис** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ **Шэшэн МуIэед** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Урысей футболист цIэрыIуэ, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, ди къэралми дуней псоми я гъуащхьэтет нэхъыфIхэм хабжэ **Акинфеев Игорь** и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Бажэм дыгъужьыбгъу къегъапцIэ.

УЗЫНШАГЪЭ

Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззэщ.

● Мэлыжьыхьым и 7-р Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ

Къалэн нэхъыщхьэр

1950 гъэм щегъэжьауэ Узыншагъэм и дунейпсо махуэр мэлыжьыхьым и 7-м ягъэлъапIэ. Апхуэдэ махуэ щIыхахам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр я узыншагъэм гулъытэшхуэ хуащIын зэрыхуейр цIыхухэм ягурыгъэIуэнырщ, ар егъэфIэкIуэнымкIэ зэфIэхыпхъэхэр убзыхунырщ.

МАХУЭШХУЭМ и тхыдэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ ООН-м къудамэ щхьэхуэу къызэригъэпэща Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (ВОЗ) лэжьэн зэрыщIидзам. Абы и къалэн нэхъыщхьэр узыншагъэр хъумэнымкIэ цIыхухэр зыIууэ гугъуехьхэр зэфIэхынырщ. Зэгухьэныгъэм хэтщ къэрали 194-рэ. ВОЗ-м и и IуэхущIапIэхэр къэрали 150-м щыIэщ, абыхэм яхэтщ Урысейри.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ а махуэр цIыхухэр зыгъэгумэщI Iуэхугъуэшхуэхэм траухуэ хабзэщ икIи къыхуеджэныгъэ щхьэхуэхэм щIэту йокIуэкI. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Лъы зытхэр сымаджэ куэдым ядоIэпыкъу», «Жыджэрагъыр гъащIэ кIыхьым и лъабжьэщ», «ЩIыуэпсым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэ мыщхьэпэхэм узыншагъэр щыхъумэн», «Лъы дэуейм узэрыпэщIэтынур», «Гъудэ-бадзэ лIэужьыгъуэхэм кърахьэкI узыфэ зэрыцIалэхэр», «Ерыскъыпхъэхэм я шынагъуэншагъэр», «Фошыгъу узым дытекIуэнущ!», «Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм щыхуащIэ IуэхутхьэбзэхэмцIыху псори къызэщIегъэубыдэн», нэгъуэщIхэри.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, цIыхухэм я узыншагъэм хуэфащэ гулъытэ хуащIыркъым. Дохутырхэм гъащIэ узыншэ зэрырахьэкIыным сыт хуэдизрэ къыхураджэми, абыхэм я чэнджэщхэм тетыр мащIэщ. Узыр къапкъырыхьа нэужькIэщ я узыншагъэм нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр къащыгурыIуэр, ауэ и чэзум узэмылIэлIар зэтебгъэувэжыныр гугъущ.

Илъэс къэс дунейм ехыж цIыхухэм я бжыгъэр мелуан 55-м ноблагъэ. Иужьрейуэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм ятепщIыхьмэ, цIыхухэр нэхъыбэу зэрылIыкI узыфэхэм хохьэ:

- лышхыр - мелуани 8,
- фошыгъу узыр - мелуани 3,4-рэ,
- тутыным ефэным епха узыфэхэр - мелуани 5,
- фадэ куэд зэрефэм къишэ узыфэхэр - мелуани 3,
- ерыскъыпхъэ зэкIуэкIам къыхэкIхэр - мелуани 2,
- аргъуейхэм кърахьэкI узыфэ зэрыцIалэхэр - мелуан 0,8-рэ.

КъызэрагъэлъагъуэмкIэ, дунейм щыпсэу цIыхухэм я Iыхьэ щанэм жьэн узыфэр яIэщ, меларди 2-м нэблагъэ пшэр зэрыхъуам егъэсымаджэ.

Узыншагъэ быдэр ар гъащIэ насыпыфIэм, зэIузэпэщым и лъабжьэщ. Абы и хъумэныр цIыху къэс и къалэн къудейуэ къэнэжкъым, атIэ ар я пщэрылъщ жылагъуэ, къэрал IуэхущIапIэхэми, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэ псоми. Къалэнышхуэ ягъэзащIэ а махуэм ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм: медицинэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуа семинархэм, конференцхэм, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм къыщызэрагъэпэщ зэхыхьэхэм, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм щыIэ гугъуехьхэр хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къызэрыщаIэтым, спорт зэхьэзэхуэхэм, узыфэ зэхуэмыдэхэм ятеухуауэ сымаджэщхэм щрагъэкIуэкI «бжэ зэIухахэм», нэгъуэщIхэми.

Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм иужьрей илъэсхэм зыужьыныгъэфIхэр щокIуэкI. Жыджэру къагъэсэбэп медицинэм щIэуэ къыхыхьэ Iэмалхэр, ухуэныгъэщIэхэр ящI, сымаджэщхэр зыхуей хуэзауэ зэрагъэпэщыж, къудамэщIэхэр къызэIуах. УнэтIыныгъэр зэрефIакIуэр зыдэлъагъупхъэр, шэч хэмылъу, IэнатIэм пэрыт дохутырхэрщ. Абы и лъэныкъуэкIи, зэфIэкI лъагэ зиIэ IэщIагъэлIхэр ди мащIэкъым.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

ГъащIэ узэщIам и телъхьэхэр

● ЗэIущIэ

Бахъсэн щIыпIэ администрацэм щекIуэкIащ наркотикым пэщIэтынымыкIэ щIыналъэм щылажьэ къэпщытакIуэ гупым и зэIущIэ.

АБЫ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Хъубий Марат**, Бахъсэн къалэ округым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и тхьэмадэм и къуэдзэ **Бырхьэм Залинэ**, Дыгулыбгъуей къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ **Къуэдзокъуэ Лол**, Бахъсэн администрацэм хабзэхъумэ органхэм ядэлэжьэнымкIэ и управленэм и нэхъыщхьэ **ХъуэкIуэн Заур**, щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Бэч Альберт**, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и пашэ **Беглецовэ Анастасие**, Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ зэщIэузэда къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Абазэ Хъусен**, «Бахъсэн» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къунаш Розэ** сымэ, щIыналъэм щыIэ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Бахъсэн къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ **Къардэн ФатIимэ**. Абы къыхигъэщащ щIэблэ узыншэ, гъащIэм лъэ быдэкIэ хэтыну щIалэгъуалэ яIэнымкIэ къэпщытакIуэ гупым ягъэзащIэ лэжьыгъэм куэд елъытауэ зэрыщытыр икIи жиIащ жэуаплыныгъэ хэлъу Iуэхум пэрытыну зэращыгугъыр.

Бахъсэн район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ **Ещтрэч Мурат** тепсэлъыхьащ медицинэ, социально-психологическэ кIэлъыплъыныгъэ и лъэныкъуэкIэ щIалэгъуалэм драгъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэм. Абы къыхигъэщащ наркологие узыфэр зиIэ сымаджэхэр зэрыс унагъуэхэр къызэрапщытар, балигъхэм щеIэзэ поликлиникэм «дзыхь зрагъэз» телефон зэрыщылажьэр, наркотикым, фадэм узыхуишэнкIэ хъунум теухуа тхыгъэхэр мызэ-мытIэу «Бахъсэн» газетым къызэрытрагъэдзар, курыт школхэм псалъэмакъ щхьэпэхэр зэрыщрагъэкIуэкIыр, абыхэм «Узыншагъэм и плIанэпэ» щхьэхуэр къызэрыщызэрагъэпэщар.

Бахъсэн къалэ администрацэм физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Беглецовэ Анастасие тепсэлъыхьащ щIалэгъуалэр гъащIэ узыншэ ехьэкIыным къыхуеджэнымкIэ щIыналъэм щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм. Абы и лъэныкъуэкIи Iэмал хъарзынэхэр яIэщ. Псалъэм папщIэ, къалэм дэтщ спорт школи 3, физкультурэ-спорт комплекс, стадион, къищынэмыщIауэ, футбол губгъуэу 20, спорт пэшу 26-рэ яIэщ. Абыхэм спорт зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щIэх-щIэхыурэ щрагъэкIуэкI. Апхуэдэу къэпсэлъам къыхигъэщащ къалэм дэт егъэджэныгъэ IуэхущIапIэ псоми шахматымкIэ дерсхэр зэрыщрагъэкIуэкIыр.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Хъубий Марат жиIащ щIалэгъуалэр, наркотикым, фадэм, акъылыр зыгъэутхъуэ хущхъуэхэм щыхъумэнымкIэ щIыналъэм лэжьыгъэ щхьэпэхэр зэрыщрагъэкIуэкIыр, адэкIи жыджэру пащэну къыхуриджащ. Абы къыхилъхьащ щIаблэр гъащIэ узыншэм тетыным дегъэхьэхынымкIэ абыхэм щапхъэ яхуэхъун спортсмен цIэрыIуэхэр зыхэт зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIыну.

ДОЛ Iэминэ.

Махуэ къэси гъащIэм щIэбэн дохутырхэм я къарур иремыкIуэщI. КъБР-м Лыш уз зэфыкIхэм щеIээ и сымаджэщым и лэжьакIуэхэр.

● ФIыщIэ

Нэм и плъыр

«Нэм япэ псэр ихуэ», - жаIэ. А псалъэхэм я мыхьэнэр си щхьэкIэ згъэунэхуащ. Илъэси 8 и пэкIэ си нэхэм сэкъат яIэ хъури, абы езгъэIэзэн щIэздзащ. Си насып кърихьэкIри, сыпэщIэхуащ зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлI хъарзынэ, Республикэ клиникэ сымаджэщым нэм щеIэзэ и къудамэм и унафэщI АфIэунэ Марат.

КЪЫЗЭРЫЗЭПЛЪУ, си нэхэм я щытыкIэр тэмэму къихутэри, къызэрызэIэзэну щIыкIэр иубзыхуащ. Абы лъандэрэ илъэсым тIэунейрэ сымаджэщым сыщIэлъу къекIуэкIащ. Япэу сыщрихьэлIа махуэм хьэкъ сщыхъуащ абы и Iэзагъыр здынэсыр. Ар сымаджэм и псэм щыщIэр нэсу зыхэзыщIэ, гулъытэ зиIэ, гумащIагъ зыхэлъ дохутырщ. И нэIэм щIэтыхукIэ яхуищIамкIэ и гур загъэу тIысыжкъым, атIэ сымаджэщым укъыщыщIэкIыжкIи адэкIэ узэрызыкIэлъыплъыжыным теухуауэ чэнджэщ щхьэпэхэр къует, хущхъуэхэр зэрызэпхьэлIэнури зэхэхауэ къыбгурегъаIуэ. ИкъукIэ гуапэщ апхуэдэ дохутыр нэсхэр дызэриIэр.

Жьыгъэм уз куэд къыдогъуэгурыкIуэ. Шэч зыхэмылъыжщ, жьы хъуа цIыхум и нэхэм зэралъагъум зэрыкIэричри. Си ныбжьыр илъэс 88-рэ мэхъури, гъащIэм и нэхур зэрыслъагъур, уеблэмэ илъэс куэд лъандэрэ си Iэпэгъу «Адыгэ псалъэ» газетым сыкъызэреджэфыр куэдкIэ и фIыщIэу къызолъытэ АфIэунэм.

Сохъуэхъу и зэфIэкIым хэхъуэу, гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ иIэу, и пщIэр лъагэу, и гугъэмрэ гъащIэмрэ зэтехуэу псэуну.

ЖЫЛЭ Марие,
лэжьыгъэм и ветеран.
Хьэтуей къуажэ

Тау Мадинэ Хьэзешэ и пхъур категорие нэхъыщхьэ зиIэ дохутыр-ревматологщ, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидатщ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ къудамэм щеджащ. Ординатурэр Кардиоцентрым къыщиухащ. АдэкIэ и щIэныгъэм КъБКъУ-м и аспирантурэм щыхигъэхъуэжри, и кандидат лэжьыгъэр Москва РевматологиемкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щыпхигъэкIащ.

Тау Мадинэ: Си IэщIагъэр сигу ирохь, гупсэхугъуи къызет

МЫ ЗЭМАНЫМ Таур университетым и медицинэ къудамэм терапиемкIэ факультетым и кафедрэм и доцентщ, Налшык къалэ дэт Центральнэ поликлиникэм и дохутыр-ревматологщ.

- «СызэрыцIыкIурэ дохутыр сыхъуну сыщIэхъуэпсырт» жызыIэхэм сащыщкъым, - къыщIедзэ псалъэмакъыр пыгуфIыкIыурэ Мадинэ. - Ар IэщIагъэ схуэхъунуи сигу къэзгъэкIыххэртэкъым. Экономисту седжэну нэхъ тезухуауэ сыщытт. Математикэ унэтIыныгъэ зиIэ класст сызыщIэсыр, еджэнми фIы дыдэу сехъулIэрти, тыншу абы сызэрыхэзэгъэнур къызгурыIуат. Си шыпхъу нэхъыжьымрэ абы и ныбжьэгъумрэ дохутыру еджэну загъэхьэзырырти, куэдрэ абы тепсэлъыхьырт. ТIуми школыр фIы дыдэу къаухри, си шыпхъур КъБКъУ-м и медицинэ факультетым щIэтIысхьащ, и ныбжьэгъум а илъэсым и насып къикIакъым. Ар щхьэкIэ мурад быдэ иIэти, сымаджэщым нейрохирургиемкIэ и къудамэм санитаркэу лэжьэн щыщIидзащ. Ди деж къэкIуа нэужь, абы гъэщIэгъуэну жиIэжырт нейрохирургием щекIуэкI лэжьыгъэр: щхьэр зэрызэтрахыр, операцэр сыхьэтийкIэ щекIуэкI къызэрыхъур, дохутырхэм я щытыкIэр. Си шыпхъуми университетым зыщыхурагъаджэхэм и гугъу ищIыжырт. Сэри щIэныгъэлI, академик, кардиохирург цIэрыIуэ Амосов Николай и тхылъ гуэр седжати, IэщIагъэм нэгъуэщI еплъыкIэ гуэр хузиIэу хъуат. КъызгурыIуэрт дохутыр ухъуным куэд зэрыпыщIар, сэ, пэжыр жысIэнщи, гугъу зезгъэхьыну сыхуейтэкъым. АрщхьэкIэ, си шыпхъумрэ и ныбжьэгъумрэ сытрагъэгушхуэри, медицинэр къыхэсхащ.

Сыщеджэм, хирургием сыдихьэхат. Къалэ сымаджэщым дерсхэр щыдиIэти, хирургхэм я лэжьыгъэм сфIэхьэлэмэту сыкIэлъыплъырт. Езыхэми зэфIэкI сызэриIэм гу лъатати, операцэ щрагъэкIуэкIкIэ ассистент етIуанэу гъусэ сащIырт. Ар лэжьыгъэ хьэлъэу зэрыщытым къыхэкIыу, си адэр къыстегузэвыхьырт. «Лэжьыгъэр гугъущ икIи хьэлъэщ, фIыуэ егупсыс, Мадинэ», - къызжиIэрт абы. Дохутыр ныбжьэгъу куэд иIэти, лэжьыгъэ и пIалъэ нэхъыфIу къэсщIэн папщIэ абыхэм я деж сигъакIуэрт. Апхуэдэу Республикэ клиникэ сымаджэщми университетми щылажьэу щыта хирург цIэрыIуэ ПщыукI СултIан сещэчэнджэщам къызжиIауэ щытащ: «Мадинэ, хирургым сыт хуэдэ щытыкIэ къихутами, шыIэныгъэшхуэ хэлъын хуейщ. Уи нэгу къыщIэгъэхьэт: зыгуэрым укъигъэгубжьауэ, уэ операцэ къыппэщылъу, уи Iэхэр кIэзызрэ зызэтумыубыдэжыфу... Хирургыр операцэм щыщIыхьэм и деж и щхьэкIэ иIэ гукъеуэхэр псори зыщигъэгъупщэу, къыпэщылъым и акъылыр триухуэн хуейщ. ГуащIэшхуэ зытекIуадэ Iуэхущ ар. Къыплъыкъуэкlыну апхуэдэ къару?!» Абдежым фIыуэ сегупсысыжри, терапиер къыхэсхащ. ИужькIэ аспирантурэм сыщIэтIысхьа нэужь, си диссертацэр зытезухуэну унэтIыныгъэр къыщыхэсхым, ревматологиер нэхъ кууэ зджыну сыкъытеувыIащ. Абы щыгъуэм университетым лэжьэн щыщIэздзащ, Кардиологие центрым и ревматологие къудамэм дерсхэр щезгъэкIуэкIыу. IэщIагъэр къыхэсхыным сытезыгъэгушхуахэм я гугъу пщIымэ, си шыпхъур Кардиоцентрым кардиологыу щыIэщ, абы и ныбжьэгъур Москва хирургыу щолажьэ.

- Мадинэ, укъыщыхъуар щIэныгъэм мыхьэнэшхуэ щрат унагъуэщ. Уи адэ Тау Хьэзешэ филологие щIэныгъэхэм я докторщ, илъэс куэдкIэ КъБКъУ-м хамэ къэрал зэпыщIэныгъэхэмкIэ и проректору щытащ, уи анэ Мэремщауэ Айшэт химиемкIэ университетым щригъэджащ. IэщIагъэр къыщыхэпхым, уи адэ-анэм дауэ къыбдаIыгъа?

- ГъащIэм лъэ быдэкIэ ухэувэнымкIэ щIэныгъэм куэд зэрелъытар пасэу къыдгурагъэIуащ. Ар сытым дежи къыдаIуэкIыу е феджэн хуейщ жаIэу дыхагъэзыхьыу аратэкъым. АтIэ езыхэм я щапхъэр гъуазэ тхуэхъуащ. Абыхэм сыт хуэдэ Iуэхури къыздаIыгъынут, си адэм зыгуэр къыптрикъузэу е къыппиубыду апхуэдэ хьэл иIэххэкъым. И макъым згъэIэтауэ зэи къыдэпсэлъакъым, абы щыгъуэми дэ сытым дежи тщIэрт игу ирихьыныр. И гупсысэкIэ, и дуней тетыкIэкIэ, и зэфIэкIкIэ, и хьэл-щэнкIэ абы ещхь сыхъужыныр си хъуэпсапIэщ. ЗэшыпхъуитIыр дохутыр дыхъуащ, нэхъыщIэр филологщ икIи юристщ. Дэтхэнэ зыми къыхэтхар къытхуагъэдэха мыхъумэ, зыкIи къытпэрыуахэкъым.

- Уи IэщIагъэм нэхъ зэхэхауэ и гугъу пщIымэ, дохутыр-ревматологыр сыт хуэдэ узыфэхэм еIэзэрэ?

- Псом япэрауэ, ар къупщэ зэрытыпIэхэм, хуэ кIапэхэм, лыпцIэналъэхэм епха узыфэхэрщ. Ахэр куэду зэщхьэщокIыж, медицинэ фIэщыгъэ щхьэхуэ яIэжу. Абыхэм яхэтщ уз шынагъуэ дыдэхэр, зэрыIэпкълъэпкъыу зэщIиубыдэу.

- Нэхъыбэу ди цIыхухэр «зыгъэтхьэусыхэр» сыт хуэдэхэра?

- Ревматоиднэ артрит, Бехтерёвым и узыфэ жыхуэтIэхэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи, куэдрэ дрихьэлIэ хъуащ. Иужьрейр узыфэ хьэлъэщ, шынагъуэращи, ар тыншу къахуэхутэкъым. ЗищIысыр къахуэмыщIэурэ цIыхум и тхыр Iушэ мэхъу, «ЛъэIуакIуэм и щытыкIэ» («Поза просителя») жаIэ абы щхьэкIэ. А цIэ лейми къегъэлъагъуэ ар зыхуэдэр. Узыр хэтIэса нэужь, операци пхуэщIыжынукъым, стIолым тегъуэлъхьэфынукъыми.

- Сыт хуэдэ нэщэнэхэмкIэ ревматизм узыфэр узэриIэр къызэрыпщIэнур?

- И къупщэ зэрытыпIэхэр, лыпцIэналъэхэр щIэх-щIэхыурэ, зэуэ къыхэлъадэу узмэ, ахэр бэгмэ, плъыжь хъумэ, абы температурэ лъагэ къритыжмэ, и щIыфэр къищэщмэ, и щхьэцыр икIмэ, и тхым тэмэму зримыгъэгъэхъеймэ, и Iэпхъуамбэ-лъэпхъуамбэхэм я теплъэм зихъуэжамэ, зимыгъэгувэу дохуыр зригъэплъын хуейщ. Дохутырхэр сэбэп зыхуэхъуфынур узыр хэмытIасэ щIыкIэ абы япэщIэхуэрщ.

- Мадинэ, ревматизмыр жьы хъуахэм я узыфэу куэдым къащохъу.

- ЗэрыжытIащи, ревматизм узыфэхэр лIэужьыгъуэ зыбжанэу зэщхьэщокI. Ревматоидный артритыр сыт хуэдэ ныбжьым итми иIэнкIэ мэхъу. «Системная красная волчанка» узыфэм цIыхубз щIалэ дыдэхэр еубыд. Остеоартрозыр жьы хъуахэм яхуэлъэщ, «подагра» узыр нэхъыбэу къызэузыр цIыхухъухэрщ, илъэс 30-м щыщIэдзауэ ар яIэнкIэ мэхъу. Аращи, мы узыфэр жыгъэщIагъэкIэ зэщхьэщыгъэкIакъым.

- Дауэ узыфэм зэрызыщыпхъумэфынур?

- УзэрызыкIэлъыплъыж елъытакIэ, уи узыншагъэр щыпхузэтеIыгъэ щыIэщ, ауэ къызыхэкIари умыщIэу къыппкърыхьэ узыфэ куэд урохьэлIэ. Медицинэ псалъэкIэ жыпIэмэ, аутоиммуннэкIэ йоджэ абыхэм. Псалъэм папщIэ, артроз е остеоартрит узыфэхэм нэхъ зыщыпхъумэфынущ. Лъэгуажьэ зэрытыпIэхэм епха узыр нэхъыбэу къызыхэкIыр цIыхум и хьэлъагъырщ. А хьэлъагъыр зытегъэщIа лъакъуэм и зэрытыпIэхэр узу мэхъу, хъыщтыр дешхыкI. Абы папщIэ Iэмал имыIэу хьэлъагъым кIэрыгъэхун хуейщ. «Подагра» узыр IэпкълъэпкъымилэжьэкIэм игъуэт зэхъуэкIыныгъэм къыхэкIыу аращи, лыкIэ, фадэкIэ ебгъэлей хъунукъым.

- Мадинэ, КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм терапиемкIэ и факультетым и кафедрэм и лэжьыгъэ нэхъыщхьэм и гугъу уэзгъэщIынут.

- ТерапиемкIэ факультетым къызэщIиубыдэр клиникэхэм щрагъэкIуэкI дерсхэрщ икIи абы къыхэкIыу а кафедрэр нэхъыщхьэхэм хабжэ. Студентым тхылъхэмрэ лекцэхэмрэ къыщищIар лэжьыгъэ и пIалъэкIэ щIигъэбыдэжынымкIэ ар Iэмал хъарзынэщ. Сымаджэхэм якIэлъыплъкIэрэ, узхэр зыхуэдэр, ахэр къызыхэкIыр, къызэрыпхутэнур, зэрыбгъэхъужынур нэхъ кууэ щадж терапиемкIэ факультетым и кафедрэм. Абы щызрагъэгъуэт щIэныгъэрщ студентхэм лъабжьэ быдэ яхуэхъур икIи IэщIагъэм кууэ хащIыкIын папщIэ, ди кафедрэм фIы дыдэу щеджэн хуейщ.

- Уэ узэреплъымкIэ, медицинэ IэщIагъэр къыхэзыха нобэрей студентхэр сыт хуэдэ?

- Куэдрэ зэхыбох: «Нобэрей студентхэр еджэкъым», - жаIэу. Ауэ а псалъафэр сыт хуэдэ зэманми къыдокIуэкI. Илъэс дапщэ хъуауэ сылажьэми, сэ гу зылъыстаращи, еджэнур йоджэ, зыщIезыгъэххэри щыIэщ. Еджэным и лъэныкъуэкIэ нобэрей студентхэм я Iуэхур фIы хъуащ, абыхэм Интернетыр дэIэпыкъуэгъушхуэ яхуохъу. Нэхъыбэ къащIэнымкIи я къэухьым зрагъэужьынымкIи ар Iэмал хъарзынэщ. Зы щапхъэ къэсхьынщ. Бехтерёвым и узыфэкIэ зэджэм и гугъу щахуэсщIым, къыхэзгъэщащ аллергие фIэщыгъэу «и тхыр шамбырым (бамбук) хуэдэщ» зэрыжытIэр. Хамэ къэрал щыщ студентым шамбырыр зищIысыр ищIэртэкъым. Абы къыбгъэдэсым занщIэу Интернетыр къызэIуихри, ар иригъэлъэгъуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ тыншу и нэгу къыщIигъэхьащ зи гугъу тщIыр. Ди студентхэм зэфIэкI хъарзынэхэр зыбгъэдэлъхэр мымащIэу яхэтщ. Сэ сызэреплъымкIэ, щIэныгъэм хуэпабгъэ, еджэну хуей щIалэгъуалэр нэхъыбэщ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр зыхуеджэ IэщIагъэр ягу ирихьу зэрыщытыпхъэрщ. ИтIанэ абы теухуауэ нэхъыбэ къызэращIэнуми хущIэкъунущ. «Дохутыр сыхъуну сыхуейщ» жыпIэкIэ зэфIэкIыркъым. Ар нэгъуэщI IэщIагъэуи щрырет. Узэрыхъуну узыхущIэкъум щIэныгъэкIэ унэсын хуейщ. Пэжщ, дохутыр IэщIагъэм нэхъ егугъун хуейщ, цIыху гъащIэр, узыншагъэр абы елъытауэ щытщи. Медицинэ IэщIагъэм хуеджэну зи мурадхэм школыр щIэныгъэ лъабжьэ быдэ яIэу къаухын хуейщ.

- Мадинэ, куэдрэ къыщыхъу щыIэщ сымаджэхэр дохутырхэмкIэ мыарэзыуэ, псалъэмакъ мыщхьэпэхэр яку къыщыдэхъуэ. Апхуэдэ зэхущытыкIэхэр къызыхэкIым утезгъэпсэлъыхьынут.

- Сымаджэр, шэч хэмылъу, тэмакъкIэщI, гурыщхъуэщI мэхъу. Аращи, зэрыхъукIэ абы и гур фIы хуэпщIу укъыпекIуэкIын хуейщ. Си студентхэм сытым дежи яжызоIэ: сымаджэм фи макъым зевгъэIэтауэ фемыпсалъэ, зэныкъуэкъу фи зэхуаку къызэрыдэмыхъуэным фыхущIэкъу. Ди жагъуэ зэрыхъущи, щыIэщ сымаджэм бгъэдыхьэкIэ къыхуэзымыгъуэтыф дохутырхэр. Абыхэм уапэщIэувэ хъунукъым, псалъэ гуапэ защIэкIэ я щытыкIэр зыхуэдэр къагурыбгъэIуэн хуейуэ аращ. Ар сымаджэщ, и узыншагъэмкIэ, и гъащIэмкIэ мэгузавэри, мыарэзыныгъэ гуэр къигъэлъагъуэми, худэпчыхыпхъэщ. Дохутырым сымаджэм дзыхь зыхуригъэщIыфмэ, тIуми я Iуэхур тыншу екIуэкIынущ.

- Дохутыр узэрыхъуар уигу къэбгъэкIыжмэ, жыпIэ хъунущ IэщIагъэм езым укъыхихауэ. Илъэс 20-м щIигъуауэ абы упэрытщи, ущыхущIегъуэжа къыпхуихуа?

- Пэжыр жысIэнщи, хьэуэ. Лэжьыгъэм сыдихьэхауэ, сфIэгъэщIэгъуэну йокIуэкI. Махуэ къэс зы щIэ гуэр къапщIэу, гъэщIэгъуэн Iуэхугъуэ урихьэлIэу щытщ. Сызыпэрытыр зызмыхъуэжу зы щытыкIэм тет IэнатIэу щытамэ сытезэшэнут. Ди IэщIагъэм махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу зыужьыныгъэ гуэрхэр къыщохъу. Абыхэм псоми щыгъуазэу ущытын папщIэ уи щIэныгъэм зэпыу имыIэу хэбгъэхъуэн хуейщ. Ар сэ сыдихьэхыу сощIэ.

Куэдрэ согупсыс иджы школыр къэзухыу щытамэ, сыт хуэдэ IэщIагъэт къыхэсхынур жысIэу. Экономикэм сыхыхьэнутэкъым, бжыгъэхэм сыхэсу махуэ къэс лэжьапIэ пэшым сыщIэсыныр сфIэгъэщIэгъуэнынутэкъыми. Хирург къызэрысхэмыкIами, сыхущIегъуэжыркъым. Абы и лэжьыгъэр бгъэдэлъ щIэныгъэм и мызакъуэу, и Iэхэр зэригъэIэкIуэлъакIуэми, куэдкIэ епхащ, зэрыжаIэу, щхьэм къыдэкIуэуи «хирургым и Iэ уиIэн» хуейщ. А зэфIэкIыр цIыхум къыдалъхуу къыщIэкIынщ.

Къапщтэмэ, лэжьыгъэ хьэлэмэт куэд дунейм тету къызолъытэ. Сэ дохутыр IэщIагъэр къыхэсхащ. Сигу ирихьу сыпэрытщ, схузэфIэкIым, куэдми-мащIэми, гупсэхугъуэ къызиту. Нобэ абы сыкъыпэрыкIыну жысIэми, сыкъиутIыпщынукъым.

Епсэлъар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззэщ.

Зи лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъухэр

Нартан дэт амбулаторэм и лэжьакIуэхэм ятеухуа псалъэ гуапэ куэд жаIэ къуажэдэсхэм. ЖыпIэнурамэ, шыIэныгъэшхуэ яIэу я къалэныр нэгъэсауэ зыгъэзащIэ гупщ.

НОБЭ я цIэ къисIуэну сыхуейт илъэс бжыгъэ куэд щIауэ я гуащIэ емыблэжу а IуэхущIапIэм щылажьэхэу терапевт Тазий Иринэ, акушер-гинеколог Думэныщ Маринэ, медсестра Думэныщ Марьянэ сымэ. Мы бзылъхугъиищым закъыхуэзыгъазэхэм хуащI гулъытэр умыгъэщIагъуэу къанэркъым. КъыпхуащIэ IуэхутхьэбзэхэмкъадэкIуэу, я псалъэ гуапэхэмкIэ гукъыдэж къыпхалъхьэжу апхуэдэщ ахэр. «Сымаджэм и нэгум нэщхъыфIагъэ илъу, гукъыдэж иIэу тлъагъумэщ, ди лэжьыгъэр къыдэхъулIауэ къыщытлъытэр», - жаIэ абыхэм.

Дэтхэнэ зыми гукIи псэкIи хуэгумащIэу, и узыншагъэр зэрефIэкIуэжым щыгуфIыкIыу щытщ. «IэщIагъэм къыхуигъэщIащ» зыхужаIэр мыбыхэм хуэдэхэращ. Къапщтэмэ, медицинэ лэжьакIуэм хэлъын хуей хьэл псори ядыболъагъу Тазий Ирини, Думэныщхэ Марини Марьяни. Бзылъхугъэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэм наIуэ пщещI ахэр зыпэрыт IэщIагъэр я гум дыхьэу къызэрыхахар.

Я цIыхугъэр здынэсыр, я зэфIэкIыр зыхуэдэр дгъэунэхуащи, пщIэ яхудощI. Я лэжьыгъэм и хъер ялъагъуу Тхьэм куэдрэ я IэнатIэм пэригъэт!

НЫР Саидэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхъэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Зеикъуэ къуажэм и махуэшхуэр ягъэлъапІэ. Жылау Нурбий щІыгъуэ абхъаз тхакІуэ цІэрыІуэ Шинкіубэ Багърэт. *1985 гъэ*

● Шхыныгъуэхэр

Шэкlэ щlа нартыху гуа хьэнтхъупс

Нартыху гуар зэхащIыкIри щIагъэпщ, псы хуабэкIэ тхуэ-хэ ялъэс. Шыуаным ит псы къэкъуалъэм хакIутэри зэlащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафIэр щабэ ящIри шыуанышцхъэр тенIауэ нартыху хьэдзэхэр щабэ хъуху тхъурымбэр къытрахыурэ ягъабэ. Зэрагъабэ псыр щlэващIэмэ псывэ щIакIэ, итIанэ шыгъу хадзэ, шэ гъэпщтэ щIакIэ, зэlащIэри хьэзыр хъуху, дакъикъипщI-пщыкIутхукIэ, къагъавэ. Хьэнтхъупс вам бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын хаудэри къэмывэу шыуанышцхъэр тенIауэ щагъэт дакъикъитху-хыкIэ. Хьэнтхъупсыр шынакъжьейкIэ зэlащIэ, фалъэ куум иракIэ, шатэпс хакIэжри пщтыру яшх. ЩIакхъуэ дзэшIохэ зыри дзэшмышхи щыIэщ.

Халъхьэжэр (зы цIыкIу IыкIэ):

нартыху гуаэ – грамм 40,
псыуэ – грамм 900,
шэ щlэмыкуу – грамм 400,
шатэпсу – грамм 30,
шыгъуу – узыхуейм хуэдиз.

Бжьын гъэлыбжьам:

тхъуэ – грамм 20,
бжьынышцхэ укъэбзауэ – грамм 20,
шыбжий плъыжь сыр хьэжауэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Фэ фщIэрэ?

Ток кIапсэкIэ къэзыжыхь машинэ

1902 гъэм Урысейм япэу зекIуэн щыщIадзащ тролейбусхэм. А лъэхъэнэм «электроавтомобиль»-кIэ зэддзэу щыта автомашинэхэр щагъэунэхуар Санкт-Петербургщ. Троллейбусым килограмм 820-рэ и хьэлъагъэт. Абы папщIэ электроIэмэпсымэхэр къызэрыщIагъэкIыр барон Шуленбург и проектымкIэт. Токыр зэрызекIуэ системэр зытращIыкIар франджы къэхутакIуэ Ломбар-Жерен къигупсыса конструкцэрщ.

Ток кIапсэкIэ къэзыжыгъэкI гъэзугъум къыщыхъужыхь машинэр Урысейм занщIэу псоми щызэрагъэкIуэфакъым. Илъэс 30 дэкIа нэужьщ ар Москва «къыщыдэувар».

● Унэгуащэхэм папщIэ

Напэ зэлъахэр егъэхъуж

♦Холестерин зи куэдым нартыхум къыхэщIыкIа шхыныгъуэ куэд ишхырэмэ, холестериныр мащIэ ещI, Іэпкълъапкъым хэлъ лейри къыхеху.

♦Пы цIынэм мэ къимыщтэн щхьэкIэ шэрджэсхэм фо щахуэу щытащ.

♦Мыващхъуэр къущхьэкъу кърахырт. Езы мывэр папщIэ цIыкIуу щытщ. Ар сапэкIэ ятхъунщIырт, сабэм хуэдэу къэтекIар уlэгъэм трагъэщащэрти, уlэгъэр хъужырт.

♦КIэртIофым къыхэщIыкIа шхыныгъуэ куэд зышхыр пшэр мэхъу.

♦Іэщцышхуэ, Іэщ цIыкIуэм ял гъэбаж щашхэкIэ адыгэхэм бжьыныху шыпсым пIастэ ирагъэпщIыркъым, ирагъэпщIыр лыращ.

♦ЩIалэ къыхуэлъхуамэ, фокIэ пщауэ хугу хьэжыгъэ яшхырт, щIалэр гъур мэхъу жалэрти.

♦ХьэпIамэ кIуплиэмэ хуабэу щэ, щху дэщIыгъуу щIэх-щIэжыгъ пшхымэ, абы Іэпкълъэпкъыр егъэкабзэ, напIэ зэлъахэри егъэхъужь.

♦Пыр зи мащIэ цIыхум щынэ щIыкIу хуаукIыртри и тхьэмщIыгъур хуабэу кърахт, тыкъыр цIыкIуу яупщIатэрти имыгъэнщкIуу ирагъэзыгъэпэтхырт. Хуэмышхыу Іумпэм ищIмэ, ягъэвэпхъырт.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Жыlэгъуэхэр

И пщалъэр умыщIэмэ

Лъагъуныгъэмрэ насыпымрэ хуэхэа зэманыр псынщIэу мажэ.

* * *

Щэхуу пщIа гуапагъэм щыгъуазэр Тхьэм и закъэщ, ауэ псоми яльагъуу фIыгъуэ къыпэкIуэжынущ.

* * *

И пщалъэр умыщIэмэ, фори гын пхуэщIынущ.

* * *

Лэжьыгъэм хуэмыщхьэх цIыхум ищIэн сытым дежи иlэщ.

* * *

Псэущхьэм и фэр нэхъ тыншу ихъуэжьыфынущ, цIыхум и хьэл-щэным нэхърэ.

* * *

ЗымыщIэр езыр зыхуэсакъыжын хуейуэ аращ, гъэщам адрейхэр къыдэкIэпыкъупхъэщ.

ХЪУРЕЙ Феликс.

● Гукъэкlыж

Шылэ хьэпlацlэ жылэхэр

Абы лъандэрэ илъэс хыщIрэ тхурэ дэкIыжащ, ауэ дыгъуасэ къэхъуам хуэдэу фIы дыдэу сощIэж.

АЛХЪО жылэкIэ зэдзэкуэ щыта къуажэшхуэм (иджы Курп Ищхъэрэ) сыкъэщылъхуащ. Илъэситху сыхъурт. Си адэ Кlэрашэ Хъэзрит Хэку зауэшхуэм къикIыжа нэужь, колхозым партым и къызэгъэпэщакIуэу уваусэ щылажьэрт. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым нэхъ хэкIуэтэуэ къыдыхьэжри, абы сызриушэлIащ. «Уэ иныIухэ ухъуащ, псори къыбгурыIуэн хуейщ, - зыгуэрым сытригъэгушIуэ хуэдэ къыщIидзащ абы. - Колхозым и парт ячейкэм жэуапIныгъэ ин зыпылъ Іуэху пщэрылъ къэпщищIащ. Ар Іэмал имыIэу бгъэзэщIэн хуейщ. Зауэм хэта ди къуажэдэсхэр абыкIэ къэпщогугъ».

Абы зи гугъу ищIыр районым къикIа къалэнрат. Ди колхозым къэпэщылът тутей шылэ хьэпlацlэхэм шылащхьэкэр (коконы) яригъэщIу, ар бзэу Іужкыжыну. Абы шылэ щэкI къыжащIыкIынур зэрищэщ абы. - Колхозым и парт ячейкэм жэуапIныгъэ ин зыпылъ Іуэху пщэрылъ къэпщищIащ. Ар Іэмал имыIэу бгъэзэщIэн хуейщ. Зауэм хэта ди къуажэдэсхэр абыкIэ къэпщогугъ».

Абы зи гугъу ищIыр районым къикIа къалэнрат. Ди колхозым къэпэщылът тутей шылэ хьэпlацlэхэм шылащхьэкэр (коконы) яригъэщIу, ар бзэу Іужкыжыну. Абы шылэ щэкI къыжащIыкIынур зэрищэщ абы